

BAB V KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data anu dipedar dina bab saméméhna bisa dicindekeun yén aspék kedaling polah ucap téh mangrupa ungkapan atawa omongan anu dikaluarkeun atawa dikedalkeun dina wangun lisan. Lian ti éta kedaling polah ucap maluruh ma'na basa dumasar kana ucapan atawa omongan. Aspék kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri, aya wujud, aspék, jeung fungsi.

Wujud kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri kapaluruh aya 696 data omongan anu ngawengku wujud (1) wawaran (*deklaratif*), (2) pananya (*interogatif*), (3) paréntah (*imperatif*), jeung (4) panyeluk (*aklamatif*). Tina hasil analisis wujud kedaling polah ucap pananya kaasup anu loba dipaké, lantaran dina éta roman loba nanyakeun pasualan. Ari nu pangsaeutikna wujud kedaling polah ucap paréntah, lantaran omongan anu digunakeun dina éta roman henteu loba maké omongan paréntah.

Salian tina wujudna, dina ieu panalungtikan nganalisis ogé data omongan nu dumasar kana aspék kedaling polah ucapna. Aspék kedaling polah ucap nu kapanggih dina ieu roman *Imutna nu Panungtung* ngawengku genep aspék, nyaéta 1) aspék sosialisasi, 2) aspék sikap inteléktual, 3) aspék émosi, 4) aspék informasi faktual, 5) aspék moral, jeung 6) aspék ngungkulan masalah. Dumasar kana hasil panalungtikan data omongan aspék kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri panglobana kapanggih nu ngandung aspék sosialisasi, lantaran éta roman loba patalina jeung hubungan sosial anantara individu dina pakumbuhan masarakat. Ari nu pangsaeutikna nyaéta aspék sikep inteléktual, lantaran dina éta roman pagunemanna henteu loba ngamasalahkeun kaweruh.

Pamungkas, dina ieu panalungtikan nganalisis data omongan dumasar kana fungsina. Fungsi kedaling polah ucap nu kapanggih dina roman *Imutna nu*

Panungtung karya Ahmad Bakri ngawengku (1) fungsi komisif, (2) fungsi impositif, (3) fungsi éksprésif, jeung (4) fungsi asértif. Dumasar kana hasil analisis fungsina, data omongan nu panglobana dipaké nyaéta fungsi komisif, lantaran dina éta roman loba ngedalkeun tawaran jeung pananya. Ari nu pangsaeutikna nyaéta fungsi asértif, lantaran omongan anu digunakeun henteu réa ngedalkeun omongan analisis jeung kontradiktif.

Dumasar kana kana panalungtikan anu geus dilaksanakeun dina roman *Imutna nu Panungtung* kapanggih polah ucap anu panglobana dipaké nyaéta polah ucap nu wujudna pananya, aspékna sosialisasi, jeung fungsina komisif, lantaran dina éta roman loba ngagambarkeun hubungan dina pakumbuhan masarakat anu loba nanyakeun pasualan nu miharep respon atawa jawaban ti lawan tutur.

5.2 Implikasi

Ieu panalungtikan ngahasilkeun pedaran ngeunaan wujud, aspék, jeung fungsi kedaling polah ucap. Hasil tina ieu panalungtikan bisa dimangfaatkeun pikeun ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan pragmatik. Salian ti éta, pikeun sumber referensi di paguron luhur atawa bisa ogé dijadikeun bahan ajar basa Sunda di sakola-sakola.

5.3 Saran

Sabada dilakukeun panalungtikan, aya sababaraha saran anu perlu ditepikeun saperti ieu di handap.

Kahiji, kurangna panalungtikan nu medar ngeunaan aspék kedaling polah ucap nu ngabalukarkeun kurangna eusi dina ieu panalungtikan.

Kadua, ieu panalungtikan medar aspék kedaling polah ucap dina roman *Imutna nu Panungtung* karya Ahmad Bakri nu ditalungtik maké ulikan pragmatik. Ku kituna, masih perlu diayakeun panalungtikan séjén nu ngagunakeun pamarekan élmu séjénna.